



Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

KOMINOTE AN FAVÈ LOJMAN: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 100 MILYON DOLA YO AKÒDE POU PWOJÈ NAN KOMINOTE KI ANGAJE POU KONSTWI PLIS LOJMAN YO

Inisyativ Kominote ki an Favè Lojman Gouvènè a bay jiska 650 milyon dola nan finansman diskresyonè chak ane; jiska dat, gen 273 minisipalite yo te sètifye kòm Kominote an Favè Lojman

Nouvo pwopozisyon Bidjè a ta atribye yon lòt 110 milyon dola nan finansman enfrastrikti bay Kominote ki an Favè Lojman ki sètifye yo, pandan y ap apiye sou ankourajman ki egziste deja yo

Yo bay yon total 123 milyon dola pou pwojè atravè kat pwogram Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo; lis konplè a [disponib isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo investisman plis pase 100 milyon dola pou pwojè ki sitiye nan Kominote an Favè Lojman ki sètifye yo, yon pati nan yon total 123 milyon dola ki te atribye nan kad dènve faz inisyativ [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#) (Regional Economic Development Council initiative, REDC) Eta a. Inisyativ Kominote an Favè Lojman Gouvènè Hochul la bay jiska 650 milyon dola chak ane nan fon diskresyonè pou kominote ki angaje pou ogmante rezèv lojman yo yon fason modès; jiska dat, yo deja sètifye 273 kominote atravè Nouyòk kòm Kominote an Favè Lojman. Ane sa a, Gouvènè Hochul ap pwopoze yon lòt 110 milyon dola nan finansman pou kouvri depans enfrastrikti ak planifikasyon pou Kominote an Favè Lojman yo.

"Genyen yon sèl solisyon pou kriz abòdabilite lojman Nouyòk la: nou dwe konstwi plis lojman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Kominote an Favè Lojman aan ap bay ankourajman kominote yo ap chèche, epi dènve faz finansman sibvansyon sa a pral fè yon diferans reyèl nan chak rejyon Nouyòk. Nou fyè de tout Kominote an Favè Lojman ki sètifye nan Nouyòk yo epi nou pa ka tann pou n kontinye wè kwasans yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Prim Faz XIV yo demontre kijan priyorite lokal yo ann amoni ak objektif devlopman ekonomik eta a yo – espesyalman nan Kominote an Favè Lojman nou yo. Repons akablan fas ak nouvo pwogram Sibvansyon Amelyorasyon Kapital la reflekte fason minisipalite yo anvi ranfòse fondasyon yo pandan y ap adrese bezwen lojman enpòtan yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, nou kontinye kreye nouvo opòtinite dinamik pou kreye travay ak jenere kwasans dirab ak ekita nan tout Eta Nouyòk."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Gouvènè Hochul te klè – minisipalite ki pataje vizyon nou pou kwasans lojman entelijan pral jwenn rekonpans. Atravè 100 milyon dola sa yo te anonse jodi a, Kominote an Favè Lojman yo pral resevwa yon ogmantasyon finansye nan kad efò y ap fè pou amelyore enfrastrikti, ranfòse ekonomi yo, epi anbake nan pwojè ki amelyore kalite lavi pou Nouyòkè yo. Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip kontinye li epi nou aplodi patnè nou yo nan nivo lokal k ap travay avèk dilijans nan chak rejyon nan eta a pou jwenn solisyon pou mank lojman an."

Faz XIV Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la

Faz XIV nan kad inisyativ Konsèy Rejyonal la avanse pwogram lojman Gouvènè Hochul la lè li enkli yon nouvo pwogram ki gen finansman ki destine pou pwojè ki sitiye nan [Kominote an Favè Lojman yo](#), jan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a sètifye. Jiska 40 milyon dola disponib pou minisipalite yo, konte yo epi òganizasyon san bi likratif yo atravè Pwogram Sibvansyon Amelyorasyon Kapital pou Kominote an Favè Lojman, pou sipòte pwojè amelyorasyon kapital yo ak pwojè kreyasyon espas nan Kominote an Favè Lojman yo. Akòz yon repons akablan nan aplikasyon yo ak gwo demann, yo ap bay plis pase 55 milyon dola pou sipòte pwojè sa yo, sa ki reflekte angajman solid pou lojman minisipalite Eta yo.

Twa lòt pwogram nan faz XIV te enkli nan deziyasyon Kominote an Favè Lojman an: Pwogram Sibvansyon ak Mache Nouyòk (Grants and Market New York) ESD yo, ak pwogram New York Main Street HCR la. Anplis de sa, yo te bay plis pase 9 milyon dola nan kredi taks nan Pwogram Excelsior Jobs pou sipòte kreyasyon djòb ak objektif envestisman nan pwojè ki nan tout Eta a. Nan semèn kap vini yo, yo pral bay plis pase 250 milyon dola pou Kominote an Favè Lojman nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la, Pwogram New York Forward ak Pwogram Mid-Hudson Momentum yo.

Pwojè yo chwazi yo nan Kominote an Favè Lojman nan Faz XIV yo enkli:

- **Rejyon Kapital la – Pwogram Aksyon Kominotè Schenectady – SCAP Campus:** An patenarya ak DePaul Properties, Inc., Pwogram Aksyon Kominotè Schenectady (Schenectady Community Action Program, SCAP) pral konstwi yon bilding pou loje yon nouvo sant gadri, espas pwogram ak biwo administratif pou yon pakèt sèvis sipò pou fanmi li yo, ki gen ladan sèvis travay, sèvis lojman sipò ak entèvansyon kont endividyèl ak famiyal. Nouvo sit la nan yon dezè gadri Eta Nouyòk deziyen epi li pral bay nouvo salklas pou plas gadri konplè. Yo prevwa bilding nan fè pati yon pi gwo redevlopman pou itilizasyon miks ki pral kreye yon kanpis inik nan Vil Schenectady kote lojman, gadri ak sèvis sipò pou fanmi yo nan menm kote. **Sibvansyon ESD – 4.975 milyon dola; depans total pwojè a – 12.4 milyon dola.**
- **Nouyòk Santral– SEED Syracuse, Inc. – Chimes Building:** Gwoup òganizasyon san bi likratif la pral re-devlope Chimes Building lan an yon bilding pou itilizasyon miks ak pou revni miks. Pwojè a pral kreye plizyè inite rezidansyèl ki disponib pou yon pou revni miks epi li gen ladan espas komèsyal pou loje lokatè telekominikasyon ki sèvi kòm yon sant fib optik, ki bay aksè ak entènèt pou apeprè mwaye vil Syracuse, ki gen ladan lopital, depatman ponpye, biznis lokal yo ak itilizatè rezidansyèl yo. **Sibvansyon ESD – 1.25 milyon dola; depans total pwojè a – 40.7 milyon dola.**
- **Finger Lakes – Otorite Lojman nan Rochester – Fernwood Avenue Library & Mixed-Use Development:** Pwojè a gen ladan bati yon nouvo branch nan Sistèm Bibliyotèk Piblik Rochester a an yon bilding kat etaj, ki mezire 7,432 mètr kare (80,000 pye kare) pou itilizasyon miks ki gen ladann lojman abòdab. Sit la pral gen ladan 65 inite lojman ak espas pou nouvo bibliyotèk la bay tou sèvis sipò, fòmasyon sou enfòmasyon ak devlopman mendèv. Ajans Aksyon Kominotè yo pral ede kowòdone ak administre yon

sistèm sèvis sipò entegre, kreye nouvo opòtinite pou siksè atravè efò edikasyon ak fòmasyon sible. Nouvo bilding lan pral lokalize sou yon Frich endistriyèl. **Amelyorasyon Kapital pou Kominote an Favè Lojman yo – 775,000 dola; depans total pwojè a – 4 milyon dola.**

- **Long Island – Vil Riverhead – Anfiteyat bò litoral Anbalavil la:** Vil la pral kreye yon anfiteyat bò litoral ak pak piblik. Akòz pozisyon yo anba plenn inondab la ak ogmantasyon risk inondasyon akòz chanjman klimatik yo, bilding yo pral demenaje nan ekstremitè nò pwopriyete a epi yo pral elve nan nouvo fondasyon. Ekstremitè sid la, ki gen yon pant 4 mè (13 pye), pral konvèti an yon graden e ak yon sèn ak kyos toupre Rivyè Peconic la. Konsepsyon sa a ogmante pant natirèl la pou pwoteje bilding yo pandan y ap kreye yon baryè kont inondasyon. Anfiteyat la pral double kòm yon pak piblik, òganize aktivite tankou kou egzèsis, sware sinema ak evènman pou timoun yo. **Sibvansyon Amelyorasyon Kapital pou Kominote an Favè Lojman yo – 1.4 milyon dola; depans total pwojè a – 2.8 milyon dola.**
- **Mid-Hudson – Habitat for Humanity of Dutchess County, Inc. – Taylor Ave. Development:** Nan travay an patenarya ak Vil Poughkeepsie, HFHDC pral antreprann preparasyon anplasman ak konstriksyon yon devlopman pou itilizasyon mik ki gen ladan yon sant gadri ak inite lojman, epi yon pòsyon nan inite yo dedye pou lojman pou granmoun aje ak pou mendèv la. Pwojè a enplike planifikasyon sit konplè, konsepsyon kay an ranje modillè, ak entegrasyon enfrastrikti nesèsè tankou wout, sèvis piblik ak espas vèt. **Sibvansyon ESD – 1.6 milyon dola; depans total pwojè a – 14.5 milyon dola.**
- **Mohawk Valley – Otorite Lojman Minisipal Vil Utica (People First) – THRIVE Cornhill:** Pwojè sa a pral entegre de bilding pou itilizasyon mik nan seksyon Cornhill nan Utica, ki pral ofri de Sant Enpak Kominotè ak plizyè apatman pou itilizasyon mik. Sant Enpak yo pral sipòte pwogram ki konsantre sou kominote a ki gen ladan yon sal jimnastik polivalan, makèt iben, espas pou travay an komen, kwizin tès, enkibatè antreprenarya, dans, espas atizay ak yon lakou. **Amelyorasyon Kapital pou Kominote an Favè Lojman yo – 3 milyon dola; depans total pwojè a – 17.6 milyon dola.**
- **Vil Nouyòk – Brooklyn Navy Yard Development Corporation – Sant pou Sante Planèt (Center for Planetary Health, C4PH) la:** Sant lan pral etabli yon sant inovasyon byoteknoloji dènye kri nan Newlab nan Brooklyn Navy Yard. C4PH fèt pou akselere komèsyalizasyon syans lavi ki pa terapeetik ki ka aplike pou adrese chanjman klimatik la. Sant la pral kapab sipòte plis pase 30 konpayi, konsantre sou plizyè sektè tankou agrikilti, tekstil ak materyo konstriksyon. **Sibvansyon ESD – 1.6 milyon dola; depans total pwojè a – 8 milyon dola.**
- **North Country – Vilaj Massena – Pwojè Kapital Dlo Kri:** Vilaj la pral konstwi yon liy transmisyon dlo kri segondè ki soti nan Baraj Priz Dlo Massena rive izin tretman dlo a. Nouvo liy lan pral founi redondans nan ka yon ijans oswa antretyen woutin, si ansyen liy prensipal la tonbe an defayans. Li pral bay sèvis dlo enpòtan pou itilizatè rezidansyèl, komèsyal ak endistriyèl nan Vilaj ak Vil Massena, plis Norfolk ak Louisville. Liy la pral gen ladan tou nouvo tiyo pou ekstansyon sèvis dlo kri nan Enstalasyon Idwojèn Vèt Air Products yo pwopoze a. **Sibvansyon Amelyorasyon Kapital pou Kominote an Favè Lojman yo – 2.34 milyon dola; depans total pwojè a – 4.69 milyon dola.**
- **Southern Tier — Vilaj Dryden – Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo ak Egou:** Vilaj la pral amelyore enfrastrikti dlo ak egou li yo kòm premye faz nan gen plizyè santèn apatman mendèv ke yo te konstwi kòm Ezra Village nan Konte Tompkins. Amelyorasyon dlo yo gen ladan pwolonje kanalizasyon dlo, ak amelyorasyon enfrastrikti egou yo enkli ranplase plizyè milye mè tiyo. **Amelyorasyon Kapital pou Kominote an Favè Lojman yo – 1.82 milyon dola; depans total pwojè a – 3.64 milyon dola.**

- **Rejyon Lwès Nouyòk – Jewish Community Center of Greater Buffalo, Inc. – Inisyativ Gadri pou Mendèv la:** Pwojè a gen ladan konstriksyon yon sant gadri de etaj sou Kanpis Medikal Buffalo Niagara ki pral bay sèvis ki nesèsè anpil epi bay espas espesyalize pou timoun ki gen bezwen espesyal yo. Patenarya nan kanpis la tankou BestSelf Behavior Health ak Buffalo Hearing and Speech pral pèmèt nouvo sant la ofri resous espesyalize ak sèvis pou timoun ki nan bezwen, ak yon espas pou òganize sèvis sa yo pou paran ak pitit yo. **Sibvansyon ESD – 3 milyon dola; depans total pwojè a – 8.2 milyon dola.**

Plis enfòmasyon sou pwojè yo akòde atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal 2024 la, ki gen ladan yon lis konplè benefisyè yo, ki [disponib isit la](#).

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Jodi a, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te sètifye 273 minisipalite kòm Kominote an Favè Lojman. Gouvènè angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè Eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo.

Nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze yon plan odasye pou rann posede ak lwe yon kay pi abòdab. Gouvènè a te pwopoze pou ranfòse Pwogram Kominote an Favè Lojman an nan envesti 100 milyon dola pou sipòte pwojè enfrastrikti lojman enpòtan yo epi ofri 10.5 milyon dola sibvansyon asistans teknik pou ede kominote yo adopte politik ki an favè lojman. Gouvènè a te pwopoze tou kreye premye fon prè renouvlab Eta a pou ankouraje devlopman lokasyon pou moun ki gen revni miks andeyò Vil Nouyòk, ansanm lejislasyon pou rezoud pwoblèm konplo pwopriyete sou zafè fikse pri lwaye yo, ogmante efikasite kredi taks Eta ki sipòte devlopman lojman abòdab, ak pwolonje pwoteksyon depo sekirite ke lokatè nan to mache yo ak lokatè lwaye reglemante yo benefisyè kounye a.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te pwopoze nouvo etap pou rann pwopriyete kay pi aksesib epi abòdab pou tout Nouyòkè yo, ki gen ladan finansman pou devlopman kay demaraj ak asistans pèman pasyèl pou moun k ap achte kay pou premye fwa yo, epi dekouraje konpayi kapital envestisman yo pou yo pa achte kay pou yon sèl fanmi ak kay pou de fanmi atravè tout Eta a. Diskou Eta Leta a pwopoze tou plis sipò pou lojman sipò ki sèvi kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo.

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Anplis de sa, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay jiska dat.

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Abòde mank lojman nan tout eta a mande pou nou itilize tout zouti nou genyen yo. Anons jodi a pa Gouvènè Kathy Hochul souliye angajman kolektif nou an pou ankouraje kominote dinamik, dirab, pandan y ap ankouraje lokalite yo pou yo ouvri pou pwodwi plis lojman. Mwen fyè pou m sipòte bidjè Eta a ki rann fon sa yo disponib

epi mwen felisite Gouvènè a, Komisè Lojman RuthAnne Visnauskas, ak kòlèg yo nan administrasyon an paske yo aplike ak grandi inisyativ an Favè Lojman an yon fason efikas."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Kriz lojman abòdabilite Nouyòk la se yon pwoblèm nou ka rezoud, men li pral mande lide kreyatif ak sipò konsistan pou yon pakèt pwogram pou fè fas ak anpil kòz pwoblèm sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou fè fas ak defi sa a, epi mwen pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm pou aplike solisyon ki adrese pwoblèm inik kominote nò eta yo ap fè fas."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Kominote nan chak rejyon nan eta a bezwen leve kanpe pou yo bati yon Nouyòk ki pi abòdab. Avèk dènye faz finansman Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la akòde, otorite lojman piblik yo ak òganizasyon san bi likratif yo pral kapab kreye lojman abòdab ki nesèsè anpil pou moun ki gen difikilte pou yo rete finansyèman flotan nan Empire State la. Pandan nou pa ka tann pou kòmanse yon lòt sezon bidjè, mwen angaje yon lòt fwa ankò pou batay pou chak santim ki disponib pou konstwi ak prezève estòk lojman abòdab eta nou an. Mwen aplodi tenasite Gouvènè a nan abòde kriz lojman an ak patenarya kontinyèl li sou pwoblèm kritik sa a."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Anons jodi a sou sibvansyon Faz XIV ESD a vrèman benefisye Kominote an Favè Lojman yo epi tou li adrese bezwen kritik nan tout eta a. Isit la nan Nouyòk Santral, SEED Syracuse, Inc. te resevwa finansman pou pwojè yo a ki te kreye lojman ak espas komèsyal pou revni miks nan Vil Syracuse nan re-devlope yon bilding biwo 1929 anblematik. Finansman pwojè lokal nan Kominote an Favè Lojman yo ranfòse baz ekonomik fondamantal nan minisipalite sa yo. Kit se sipòte gadri, enfrastrikti dlo, teknoloji inovan, oswa bibliyotèk, tout kontribye nan amelyore lavi chak jou Nouyòkè yo ak sante nan katye yo ak rejyon an. Gouvènè Hochul te pran devan pou adrese bezwen lojman eta a pandan y ap ranfòse kreyasyon djòb ak yon seri opòtinite devlopman ekonomik."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Inisyativ sa a gen pou wè odela pase lojman—li gen pou wè ak kreye opòtinite ak bati yon fondasyon pou fanmi yo pwospere. Lè m te grandi nan vil Schenectady, mwen te wè jan sa te difisil pou fanmi tankou pa m lan pou yo debwouye yo san resous nou kapab bay kounye a. Investisman tankou sa yo nan lojman abòdab, gadri, ak sèvis sipò bay fanmi yo zouti yo bezwen pou yo bati yon avni ki pi briyan. Mwen rekonesan pou kolaborasyon ak vizyon pataje ki te fè sa posib, epi mwen espere wè ki jan pwojè sa yo transfòme kominote nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)